

## 10 kategori aprenan

---

Se yon bagay ki nòmal pou ou jwenn moun ki gen divès fason yo aprann nan yon anviwonman aprantisaj. Li enpòtan pou ou pote atansyon ou sou diferan tip aprenan sa yo w ap genyen pou ou rankontre lè w ap fè fòmasyon. Tèlman gen anpil moun ki diferan youn ak lòt, li nesèsè pou ou sonje 10 kategori aprenan sa yo se sila yo w ap plis rankontre lè w ap jwe wòl fasilite.

1. **Aprenan ki renmen pale.** Li renmen pale e li toujou gen yon pawòl pou l di sou tout bagay.

**Sa ou ka di:** “Mwen apresye kòmantè ou yo, men an nou tande yon lòt moun konnya.”

**Sa ou ka fè:** Plis sèvi ak gwoup travay pou chak moun ka jwenn yon chans pou yo pale.

2. **Aprenan ostil.** Li plan plezi afiche yon konpòtman agresif e li ka voye espresyon oubyen lide negatif detanzantan nan gwoup la.

**Sa ou ka di:** “Mèsi pou lide ou yo. Ki sa gwoup la panse sou sa?”

**Sa ou ka fè:** Pale ak patisipan an an prive pou ou verifye si gen yon pwoblèm anba anba ou ta dwe konnen.

3. **Aprenan ki rete an silans.** Li rete an silans e li pa patisipe nan diskisyon ki fèt nan gwoup yo.

**Sa ou ka di:** “Mwen konnen ou ka kontribye anpil nan diskisyon sa. Li ta bon si ou ta pataje youn nan lide ou yo avèk gwoup la.”

**Sa ou ka fè:** Fòme plis gwoup ki gen 2 moun ladan yo pou ou fè patisipan an santi li plis an sekirite epi li pi alèz pou li pale oubyen travay. Aprenan yo ta dwe toujou gen chwa pou yo pase oubyen pou yo pa patisipe nan gran gwoup si yo pa vle.

4. **Patisipan konesè.** Li panse li konnen bagay yo pi byen pase tout lòt moun e li toujou gen yon opinyon sou tout bagay.

**Sa ou ka di:** “Sa ou di a se opinyon pa ou. Ki sa lòt moun yo panse?”

**Sa ou ka fè:** Fòme ti gwoup oubyen gwoup 2 moun pou pèmèt chak moun pale.

5. **Patisipan komik.** Li toujou gen yon blag komik oubyen yon kòmantè komik l ap fè sou tout bagay.

**Sa ou ka di:** “Oke nou tout renmen yon ti plezantri. Men konnya an nou pi serye epi an nou konsantre nou sou sijè n ap diskite a.”

**Sa ou ka fè:** Ou ka pale avèk patisipan an an prive epi mande li pou li kontwole blag li yo paske yo ka reprezante yon sous distraksyon pou lòt patisipan yo.

6. **Patisipan negatif.** Li toujou wè kote negatif oubyen kote ki pa kòrèk nan tout bagay.

**Sa ou ka di:** “Mwen konprann opinyon ou an. Men ki sijesyon ou genyen pou chanje sitiyasyon an?”

**Sa ou ka fè:** Afime komantè patisipan an fè yo, men pa kite lòt patisipan yo rete twòp sou li.



7. **Patisipan ki renmen fè kont.** Li pa antann li byen ak lòt moun ( li ka pa antann li avèk ou tou) epi l ap fè kòmantè negatif oubyen remak ki blese moun nan moman ki pa apwopriye.

**Sa ou ka di:** “Mwen pwopoze pou nou pa touche pèsonalite moun nan diskisyon k ap fèt yo. An nou retounen nan sijè a.”

**Sa ou ka fè:** Menm si ou pa ta enplike nan pwoblèm nan, oubyen menm si de patisipan yo pa ta chita pale fasafas, non sèlman li enpòtan pou ou pale sou pwoblèm nan an prive, men tou li enpòtan pou ou pale sou fason pou li rive rezoud.

8. **Patisipan rebèl.** Li plan plezi pou li kontrekare tout sa ki vini devan li.

**Sa ou ka di:** “Sa ou panse si ou menm ou ta eseye fè sa yo mande a epi chache konprann sa k ap fèt la se yon bagay ki enpòtan pou kèk nan kamarad ou yo.”

**Sa ou ka fè:** Toujou chache esplike aprenan yo sa w ap fè. Esplike tou pou ki sa w ap fè li pou aprenan yo ka konnen aktivite k ap fèt yo chita sou yon rezon byen espesifik.

9. **Patisipan ki renmen ede.** Li renmen ede lòt moun.

**Sa ou ka di:** “Mèsi anpil paske w te fè sa. Sa itil anpil anpil.”

**Sa ou ka fè:** Fè yon lis kote moun ka siyen non yo epi kole li yon kote tout moun ka wè. Nan lis sa presize nan ki sa ou ta renmen moun ba ou yon kout men, epi envite yo pou yo siyen non yo pou chak jou fòmasyon an. Pa egzanp yon patisipan ka pa gen pwoblèm pou li mete tout bagay nan plas yo aprè chak jounen fòmasyon.

10. **Patisipan resous.** Li renmen aprann epi.... ( and knows tons.)

**Sa ou ka di:** “Mwen apresye richès konesans ou genyen sou sijè a.”

**Sa ou ka fè:** Mande yon moun nan gwoup la pou li ede ou kòmanse ak yon tablo afichaj nan mi yo ki gen enfòmasyon ladan yo oubyen kreye yon lòt espas kote ou ka mete kèk enfòmasyon disponib pou tout moun.